

26 jen 2020

Chè fanmi,

Pandan n ap fèmen ane lekòl san parèy sa a, mwen vle remèsyé oumenm ak timoun ou yo pou pasyans, detèminasyon, ak pèseverans pou jan nou adapte nou avèk fèmti biling lekòl yo ak aprantisaj adistans lan. Pa gen pèsonn ki te ka imajine yo t ap konfwonte yon epidemi global ki deranje tout bagay ak fè otan domaj. Mwen rekonèt li enpoze anpil difikilte sou ou, epi li pote nouvo konplikasyon nan edikasyon elèv nou yo — sitou moun ki ap bati konpetans yo nan lang angle.

Mwen te kòmanse nan kindergarten san mwen pa pale yon mo nan lang angle, donk mwen konnen pèsonèlman ki kalite difikilte oumenm ak timoun ou yo rankontre menm nan sikontans nòmal. Se poutèt sa nou tout nan DOE anbrase lang natifnatal ou, kilti ou, ak tradisyon ou-tout bagay ki fè oumenm ak pitit ou a moun nou ye a. Nou devwe pou fè eksperyans edikasyon pitit ou a san danje, akeyan, ak ki bay sipò. Sa se vre nan biling lekòl nou yo ak lè nou ap anseye pitit ou a adistans.

Pandan ete a ak pou rive nan sezon otòn lan, nou rete angaje pou bay edikatè nou yo konesans ak zouti yo bezwen pou asire pitit ou gen sipò lang ki obligatwa pou aprann materyèl nivo klas li. Mwen ankouraje w pou konekte avèk pwofesè ou yo si ou pokò fè sa déjà pou idantifye ki pwogram, resous, ak estrateji ou ka itilize pandan ete a pou bati devlopman lang pitit ou a. Sipòtè pwoesisis aprantisaj pitit ou a pandan ete a se yon gwo priyorite pou nou tout.

An menm tan, tanpri travay avèk pitit ou a nan lang natifnatal ou tou! Li, ekri, ak poze kesyon nan lang ou itilize a ap fè yo reyisi sou plan akademik nan toude lang yo.

Nou ap reflechi sou sezon otòn lan ak pran desizyon enpòtan konsènan reouvèti biling lekòl yo nan fason ki pi an sekirite posib. Si w pokò déjà fè sa, tanpri ede nou gide pwoesisis la lè w ranpli sondaj sou Retou nan lekòl la nan [schools.nyc.gov/returntoschool2020](https://schools.nyc.gov/returntoschool2020) avan delè 30 jen an.

Mwen rekonesan pou patenarya ou nan edikasyon pitit ou epi mwen espere ou pase yon ete enteresan!

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk